**REZYUME.** Ushbu maqolada badiiy asardagi dialoglarning poetik vazifasiga e’tibor qaratilgan. Sh.Seytovning "Chiroqchilar" romanidagi Esjon chol obrazining yaratilishida dialoglarning ahamiyati o‘rganilgan. Romandagi dialoglarni o‘rganish orqali Esjon chol obrazining o‘ziga xos xususiyatlari ochib beriladi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье основное внимание уделяется поэтической функции диалогов в художественном произведении. Изучено значение диалогов в создании образа старика Есжана в романе Ш.Сеитова "Факельщики". Изучая диалоги в романе, раскрываются особенности образа старика Есжана.

**SUMMARY.** This article focuses on the poetic function of dialogues in a work of fiction. The significance of dialogues in creating the character of old man Yeszhan in Sh. Seitov's novel "The Torchbearers" is examined. By studying the dialogues in the novel, the distinctive features of old man Yeszhan's character are revealed.

## О.АБДИРАХМАНОВТЫҢ САТИРАЛЫҚ ГҮРРИҢЛЕРИНДЕ КӨРКЕМ ШЕБЕРЛИК

**А.Б.Сейтбеков –** *филология илимлери бойынша философия докторы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** ёзувчи, образ, юмор, жанр, адабий турлар, сатира, қисса, эпик асар.

**Ключевые слова:** писатель,образ, юмор, жанр, литературный жанр, сатира, повесть, эпическое произведение.

**Key words:** writer, image. drama writer, janre, play, tragedy, stor, epic novel.

**Кирисиў.** Белгили жазыўшы О.Абдирахманов қарақалпақ әдебиятына бир неше сатиралық гүрриңлери менен кирип келди. Оның сатиралық гүрриңлериниң көпшилик бөлеги 1970-1980-жылларға туўра келеди. Усы гүрриңлеринде тубалаўшылық дәўирдиң қарама-қарсылықлары, жаман иллетлери сынға алынады. Сатираның ушлы өткир ништери менен түйреледи. Оның “Қоңсы-қобалар” дүркимине тийисли бир неше сатиралық гүрриңлери бар. Усы гүрриңлеринде миллий характердиң қәлиплесиўинде ҳәм раўажланыўында ең жаман иллетлерге қарсы гүресиўдиң зәрүрлигин терең уғындырады. Адамлар қәлбиндеги ақылға уғрас келмейтуғын ыдыраўшылықтың, бузықлықтың, надурыс-лықтың пайда болып, ен жайып баратырғанлығын нелердиң жетиспей, жоққа шығып, көмилип қалып атырғанлығын айрықша ашыў менен хабарлайды, жар салады. Жазыўшының жан дүнясы, көзқарасы усылай жүзеге келеди. Ол усы сөзлери менен халықлық ҳәўазға көтерилди. Ҳәзирги дәўир не нәрселердиң жетиспей атырғанлығын айқын алға қояды. Тубалаўшылық дәўири иллетлериниң адамлар тәғдириндеги көринисин, туйықлыққа апарыў бағдарын, ҳәзирги дәўирдеги жәмийетшилик турмысымыздың ашшы ҳақыйқатлықларын, әсиресе, булардың жаслар қәлбинде әсте-ақырын қәлиплесип баратырғанлығын ашыныў менен сүўретлеп береди.

**Тийкарғы бөлим.** “Образ-көркем әдебият пенен көркем өнер шығармаларында турмыс ҳақыйқатлығын белгили бир усылларда сәўлелендирген жәмийетлик қубылыслар, тәбийий көринислер ҳәм адамлардың минез қулқы, әдеп-икрамлылығы (характери). Әдебий дөретпелерде көбирек образ атамасында жазыўшы тәрепинен сүўретленген инсан минез - қулқы, оның дүняға көзқарасы, ой-пикири ҳәм сезимлер әлеми түсиниледи” [1:280].

Образ характерин ҳәдийселерди сүўретлеў шеберлиги өз алдына өткирлесип киятырғанлығы, жанлы байқаў ҳәрекетшенлик, адам психологиясын шебер анықлаў ҳәм дурыс сәўлелендириў көркем сөзден орынлы пайдаланыў О.Абдирахманов гүрриңлеринде ҳәр тәреплеме иске асқан. Мысалы, жазыўшының “Қәтере” гүррииңиндеги Ўәлий ағаның образын сатиралық усылда береди.

- *Иним, сениң пайың бир төбе болып турыпты ғой, - деди Ўәлий аға өзи шай демлеп келип.*

*-Илимниң қәдирин халық енди түсинип киятыр ғой, - деди Данабай шайдан шым-шым уртлап.*

*Ол бир-еки кесе ишип алғанша, илимниң ҳүрметине үндемей отырдық. Соң өзи сөз баслады:*

*-Усы Ўәлий аға, келиниңе бир нәрсе деген қусайсаң, өзиме тиккелей айта бергениңде де болатуғын еди.*

*-Аўа, иним, өзиңе мәлим, қоңсы-қобашылық деген, бизиң Маратжанды, жетегиңе алып, оқытып-шоқытып, халық қатарына қосып жиберер ме дегенди айтып едим.*

*-Сонда қайсы факультетте оқыйжақ?*

*-Қайсы екенин қудай билсин, әйтеўир писколтөре боламан деп жүр.*

*-Ҳмм, демек, өзимизге тапсырады ғой. Пай-пай...*

*-Аўа, сизиң қараўыңызда болады. Соған жол-жорықты өзиң еплестирмесең...*[2:23].

Бул диалог гүрринде жоқары оқыў орныны хызметкери Данабай менен Ўәлий ағаның арасында болып атыр. Тубалаўшылық дәўирдиң ең жаман иллетлериниң бири болған оқыў орнына пара менен кириў сатираның ништерине илинген. Гүрриң илимниң, билимниң, техниканың жоқары басқышларына жетип атырсақ та еле биразларымыздың мийрим-шәпәәт излеп дорбасын мойнына илип руўхый гәдәлыққа түсип, дийўанаға айланыўы не деген сумлық?!, Бул ҳәммемизди ойландырыўы тийис. Олардың мәңгилик дийўаналарға айланып кетпеўи ушын гүрес алып барыўымыз тийис. Мине, жазыўшының жан күйдирген ҳәўазы, жан даўысы. Ол халық тилегин жар салып жәриялап атыр бизлер нелерге ерисип қандай ислерди ислеп атырмыз!? Бизлерди усындай ойларға салған бул гүрриңи де жазыўшының стиллик өзиншелигин, оның характер жасаўдағы шеберлигин бақлаўға бизге мүмкиншилик береди. Гүрриңниң жазылыў шеберлиги, ой-

пикирлердиң қысқалығы, тужырымлығы, терең мазмунлылығы менен көзге тасланады. Халқымыздың миллий өзгешелги ҳәр бир қаҳарманың сөйлеў тилинде айқынланыўы анық сүўретленген. Әсиресе, тубалаўшылық дәўиринде жүдә ҳәўижге шыққан, ҳәзир де жоқ болмай атырған иллетлер әдеп-икрамлыққа, адамгершилик пазыйлетлерине жатпайтуғын қылықлар, өсип киятырған жас әўладтың дурыс тәрбиясына кесент келтирип атырған унамсыз қәсийетлер автор тәрепинен өткир сынға алынады. Бунда автордың ашық позициясы, темпераменти, жәмийетти ипласлаўшы күшлер менен сай келмеўшилик руўхы жазыўшы гүррииңиниң көркем қурылысына сиңип кеткен. Бул өз гезегинде О.Әбдирахмановтың гүррииңлериндеги публицистикалық сыпатты күшейткен. Соның менен бирге жазыўшының гүррииңлери ХХ әсир қарақалпақ прозасында руўхый азғынлықты, жаўызлықты әшкәралаў дәстүрин ылайықлы даўам еттиргенлиги, әсиресе, гүррииңлериниң проблематикасы Т.Қайыпбергенов прозасындағы мәселелер менен сабақласлығы билинип турады.

Және биз усы жерде жазыўшының сатиралық гүррииңлериниң бири болған "Қол қоя гөрме", Сумкадағы билим" гүррииңлерин таллап өтейик. Жазыўшының "Сумкадағы билим" сатиралық гүрриңи биз талқыға алған "Қәтере" гүрриңи менен үнлес келеди. Бул еки гүрриң бир идеяны толықтырып турғандай, еки гүрриң бирге жәмийетимизде жаман иллетке айланған оқыў орынларындағы парахорлық, дәмегөйлик етиўшилер менен гүресип атырғандай сезиледи.

*Мысалы: Данабай ебиндей илимге инталы болып, философия факультетине оқыўға киреди.*

*1-курс:*

*Өмири китап көрмегендей, қолына түскен қағазды оқый береди, оқый береди. Жатып оқыды, турып оқыды, уйқылы оқыды, ояў оқыды. Бирақ кафедрадан сөз берген ўақытлары Аристотел менен Платонды гөринде тик турғызып, ләм-мим аўыз ашпайтуғын еди...* Ўақыя усылай раўажлана береди. Гүрриңде тубалаўшылық дәўириниң ашшы ҳақыйқатлығын терең ҳәм кеңирек ашыўға урынады. Романда 70 -жыллардан баслап, 80 -жылларға шекемги аралықтағы қубылыс сүўретлейди. "Шығармада негизги мәселе тарийхтың усы дәўирлериндеги тубалаў ўақтында қыян-кески унамсыз ҳәдийселер, олардың адамлардың минез-қулқына тийгизген кесапатлары барынша ўөткир тил менен әшкара етиледи. Тубалаўшылық жылларында адамзаттың мәңгүрге айланыўы мүмкин йеди. Яғный, мәңгүрлик психологиясы ҳәўиж алды. Жәмийетте нызам өз күшин жоғалтты, тек қабыл алынғаны болмаса, ол инсаный ҳуқықларды қорғаўға күши жетпеди. Парахорлық күшейгени соншелли, адамлардың тәғдири бир пул шелли болмастан, оларға жанлы мақлуқ сыпатында қаралды. Нәтийжеде, адамлар бир-биринен өш алыўға өтип турмыста адамлар арасында мийиримсизлик, талаўшылық, тонаўшылық, шермендешиликлер ҳәўиж алды. Мине, усындай қолайсыз социал орталық, жалған сиясат ҳүким сүрген дәўирде жәмийетте небир жалатайлар, ҳәмелпаразлардың нәсилллери өсип жетилисти.

Ата-ана, муғаллим, оқыўшы, студент қарым-қатнасын сүўретлеў шығарманың тийкарғы темасы болып табылады. Ал, усы гүрриңде жазыўшы ата-ананың, муғаллим менен тәрбияшының тәсири жүдә күшли болатуғынлығын айптақшы болады, ҳәр қандай унамсыз ҳәрекетлердиң алды алынып, ҳәрекеттиң надурыслығы тусиндирилсе, бала келешекте бундай қәтеликлерди тәкирарламай, мәнаўияты жоқары, кәмил инсан болып жетилиседи.

Көркем-өнердиң образлар арқалы турмысты сәўлелендирип бериўи оның өзине тән спецификасын белгилеўши қәсийети болып табылатуғыны ҳәммеге белгили. Дөретиўши көркем образ арқалы дүняны аңлайды, өзи аңлаған нәрсени ҳәм өзиниң аңлап атырған нәрсеге сезимин мунасабетин сәўлелендиреди. Усы көзқарастан көркем образ әдебият ҳәм көркем өнердиң пикирлеў формасы, усылы есапланады: Образлар жәрдеминде пикирлегени ушында көркем әдебиятқа тән пикрлеў "образлы ой" деп жүргизиледи.

Образлы ой жәрдеминде образларды жаратыў жазыўшы О.Абдирахмановтың гүррииңлеринде қандай дәрежеде түрлениўшеңликке ийе. Жазыўшының гүррииңлеринде образлар жәмийетлик ўақыялықларды сәўлелендирип бериўде үлкен жәмийетке ийе болыўы менен бирге жеке адамлардың образларын жаратыўға бағдарланғанын көремиз. Оның "Сумкадағы билим" гүррииңинде Данабай образы дараланған образ сыпатында емес, ал гүрриң ўақыяларында жәмийетлик мазмунында қәлиплестириўде де әҳмийетке ийе болып тур. Себеби, Данабай образы арқалы жәмийетимиздеги гүресшеңликтиң жетиспеўшилиги сәўлеленеди ҳәм бул жәмийетлик әҳмийетке ийе болады. "Образ" термини рус тилинен алынған болып, русша "сәўле" деген мәнини билдиреди. Мәселен, адамның айнадағы сәўлесине қарапта "образ" деп айтылады. Көркем образ жаратылыстың көркем шығармадағы сәўлеси. Көркем образда ҳақыйқатлық, пенен бирге оның бөрттирилген тәреплери де өз сәўлесин табады. Бул жағдай көркем образдың индивидуаллыққа улыўмаласыўында көринеди. Бундай шараят гүрриңде қаҳарман образының өзине тәнлигин көрсетеди. Жазыўшының "Қәниге" гүррииңиндеги Сайып Салпиев образының индивидуаллас-тырыўшы белгилерге нәзер салайық:

*«- Ҳаў, ишимлик болғанда қайсы?*

*- Қәдимги арақ-парақ дегендей.*

*- Иңг...- деп ойланып қалды Сайып Салпиев қысынып.*

*- Маған ашығын айтсаң жақсы болады, - деди Қаңтарбай аға.*

*- Байрам-сайрамларда азлап уртлаймыз* [2:163]

Солай етип, усы көринисти салыстырыў арқалы Сайып Салпиевтың образы ашылады. Ол өз мәпин ойлайтуғын, барып турған еки жүзли адам болып есапланады. Сырт көзге жақсы адам болып көринеди. Ҳаслында ең пәскеш, жаўыз адам. Оны шеги жоқ меҳрибаншылығы менен ҳеш қалғандағы зулымлығы ҳәрекетлерин параллел етип сүўретлеў арқалы жазыўшы оның характер дәрежесиндеги образын жаратқан. Бундай образларды жаратыў тек ғана талантлы жазыўшылардың қолынан ғана келеди.

Жазыўшының гүрриңлериниң көпшилигинде соңғы ўақытлары инсанның сиңген ой-сезимлерин бериў, психологиялық жағдайын сәўлелендириў сыяқлы инсан руўхыятына тийисли кеширмелерди сәўлелендириў көбирек орын алмақта. Бул әлбетте психологиялық образлардың жасалыўына алып келмекте.

Көркем образдың мазмунға тәсир етиўши қәсийетлеринен басқа оны жүзеге келтириўши элементлерде бар мәселен, оқыўшының көз алдында конкрет образды жанландырыў ушын автор характеристикасы, портрет, көркем психологизм персонаж сөзи сыяқлы көркем елементлер киреди.

**Жуўмақлаў.** Жазыўшының гүрриңлеринде образдың жасалыўында биринши гезекте жазыўшының характеристикасы турады. Себеби, бизде еле баянлаўшылық бағдар күшли. Авторлардың образға берген характеристикасы баслы қаҳарманлардың образларына тән болған усыл. О.Абдирахмановтың гүрриңлеринде образ жаратыўда көркем психологизм баслы элементлерден есапланбақта. Көркем психологизм-персонаж руҳиятының ашып берилиўи жағынан тийкарланыўы тәмийинленеди ҳәм ол сол ўазыйпаны әмелге асырыўға хызмет қылыўшы бир қатар усыл ҳәм элементлерди өз ишине алады.

**Әдебиятлар**


1. Ахметов.С., Есенов.Ж., Жәримбетов.Қ., Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. – Нөкис: «Билим», 1994. 162-б.
2. Абдирахманов О. Таңламалы шығармалары. – Ташкент: «Фан», 2009.


**РЕЗЮМЕ.** Мақолада О.Абдураҳмоновнинг сатирик асарларида образ яратиш маҳоратини ўрганишга эътибор қаратилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье основное внимание уделяется изучению мастерства создания образов в сатирических произведениях О.Абдурахманова.

**SUMMARY.** The article focuses on the study of the mastery of creating images in the satirical works of O.Abdurakhmanov.